

**APLIKASYON POU EKSEPSYON POU SÈVIS MOUN
MAJÈ LAKAY YO AK NAN KOMINOTE YO**

Non Moun k ap Fè Aplikasyon an: _____
(Ekri aklè an lèt detache)
Adrès Moun k ap Fè Aplikasyon an: _____
Dat nesans moun lan: (mwa/dat/lane): ____/____/____ Nimewo Sekirite Sosyal: ____/____/____
Èske DDS jwenn moun k ap fè aplikasyon an kalifye paske li gen yon andikap entelektiyèl? Wi Non
Non moun ki Responsab Legal li (si genyen): _____
Ki moun pou yo kontakte: _____
Kisa moun sa a ye pou moun k ap fè aplikasyon an: _____
Nimewo Telefòn moun pou yo kontakte a: (_____) _____ - _____

METE YON MAK DEVAN YOUN NAN 4 OPSYON PI BA LA YO: (gade sou lòt bò papye a, pou wè deskripsyon pwogram yo)

1. M ap fè **aplikasyon pou nenpòt nan 3 Pwogram Eksepsyon pou Moun Majè DDS yo**.
 - Mwen byen konprann, si mwen chwazi opsyon sa a, premye pwogram yo pral gade si mwen kalifye pou li, se Pwogram Eksepsyon pou Sèvis Moun Majè a (Adult Supports Waiver Program); si yo jwenn mwen kalifye pou pwogram sa a, yo pa pral gade si mwen ka jwenn okenn lòt pwogram eksepsyon nan DDS ankò.
 - Si yo jwenn mwen pa kalifye pou Pwogram Eksepsyon pou Sèvis Moun Majè a, yo pral evalye kalifikasyon mwen pou Pwogram Eksepsyon pou Viv nan Kominote a (Community Living Waiver Program). Si yo jwenn mwen kalifye pou Pwogram Eksepsyon pou Viv nan Kominote a, yo pa pral gade si mwen ka jwenn okenn lòt pwogram eksepsyon nan DDS ankò.
 - Si yo jwenn mwen pa kalifye pou Pwogram Eksepsyon pou Viv nan Kominote a, yo pral evalye kalifikasyon mwen pou Pwogram Eksepsyon pou Sipò Entansif la (Intensive Supports Waiver Program).
2. M ap fè **aplikasyon sèlman pou Pwogram Eksepsyon pou Sèvis Moun Majè a** paske mwen viv lakay mwen, oubyen m ap viv poukont mwen, oswa nan yon lòt kay, epi mwen bezwen omwen yon sèvis eksepsyon. Yo pa pral gade si mwen ka jwenn okenn lòt pwogram eksepsyon.
3. M ap fè **aplikasyon sèlman pou Pwogram Eksepsyon pou Viv nan Kominote a** paske mwen bezwen yon nivo sipò modere pou ede mwen viv lakay mwen, oswa kay fanmi mwen, oswa kay yon lòt moun, san mwen pa bezwen sipèvizyon 24 sou 24. Yo pa pral gade si mwen ka jwenn okenn lòt pwogram eksepsyon.
4. M ap fè **aplikasyon sèlman pou Pwogram Eksepsyon pou Sipò Entansif la** paske mwen bezwen sipèvizyon 24 sou 24. Yo pa pral gade si mwen ka jwenn okenn lòt pwogram eksepsyon.

DEKLARASYON SOU CHWA MOUN LAN

Mwen, _____, k ap fè aplikasyon an (Moun lan oswa Responsab Legal li), chwazi pou fè aplikasyon pou Pwogram Eksepsyon pou Sèvis Moun Majè Lakay yo ak nan Kominote yo, epi pou viv ak resevwa sèvis nan kominote mwen, pase pou mwen ta ale nan yon Sant Swen Entèmedyè (Intermediate Care Facility) pou Moun ki gen Andikap Entelektiyèl (ICF/ID).

SIYATI: _____

DAT: (mwa/jou/lane) ____/____/____

Ekri enfòmasyon yo mande yo, epi retounen fòmilè a nan lapòs bay:

**Department of Developmental Services
Waiver Management Unit
40 Broad Street, 4th Floor
Boston, MA 02109
www.mass.gov/dds**



MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF DEVELOPMENTAL SERVICES

Executive Office of Health and Human Services
Kiame Mahaniah, Secretary

Department of Developmental Services
Sarah W. Peterson, Commissioner

APLIKASYON POU SÈVIS EKSEPSYON POU MOUN MAJÈ LAKAY YO AK NAN KOMINOTE YO

Pou w kapab kalifye pou Pwogram Eksepsyon pou Moun Majè DDS yo, ou dwe:

- Genyen yon andikap entelektiyèl, dapre sa DDS kwè ou genyen;
- Satisfè kondisyon kalifikasyon pou Medicaid yo;
- Genyen omwen 22zan kòm laj ou, oubyen pi plis;
- Satisfè kondisyon gouvènman federal pou pwogram eksepsyon, tankou kalifikasyon pou antre nan yon Sant Swen Entèmedyè pou Moun ki Gen Andikap Entelektiyèl (Intermediate Care Facility for people with Intellectual Disabilities, ki rele tou ICF/ID — Nan Massachusetts, yon ICF/ID se yon gwo sant); - Chwazi pou w resevwa sèvis ou yo nan kominote a, pase pou w ta ale nan yon enstitisyon; epi - Resevwa yon evalyasyon ki montre ou bezwen youn oubyen plizyè sèvis eksepsyon.

Genyen 3 diferan kalite Pwogram Eksepsyon pou Moun Majè nan DDS

Pwogram Eksepsyon pou Sèvis Moun Majè a, se pou moun ki kapab viv poukont yo lakay yo oubyen kay fanmi yo, avèk yon konbinezyon sèvis natirèl/enfòmèl ki byen òganize, mete avèk sèvis jenerik ak Medicaid.

Pwogram Eksepsyon pou Viv nan Kominote a, se pou moun ki kapab viv nan kay fanmi yo oubyen kay yon lòt moun, san yo pa bezwen sipèvizyon 24 sou 24, 7 jou sou 7, avèk yon konbinezyon sèvis natirèl, sèvis jenerik ak Medicaid.

Pwogram Eksepsyon Entansif la, se pou moun ki bezwen sipèvizyon ak sipò 24 sou 24, 7 jou sou 7, nan yon kote ki pa lakay yo ni kay yon fanmi yo, paske yo gen bezwen enpòtan pou swen konpòtmantal, medikal, ak/oswa fizik, epi yo pa ka jwenn sèvis natirèl, oswa jenerik, oswa nan Medicaid.

BIWO REJYONNAL DDS

Nòdès: Hogan Regional Center, P0 Box A, Hathorne, MA
01937 Bonnie Hungler, Direktè Rejyonnal (978) 774-5000

Sant Wès: 140 High Street, Sal 301, Springfield, MA 01105
Anthony Keane, Direktè Rejyonnal (413) 205-0800

Metwo: 465 Waverley Oaks Rd., Sal 120, Waltham, MA 02452
Kaitlyn Spencer, Direktè Rejyonnal (781) 314-7500

Sidès: 151 Campanelli Drive, Suite B, Middleboro, MA 02346
Richard O'Meara, Direktè Rejyonnal (508) 866-5000